



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO NONMEN ROWAN D. WILSON KÒM JIJ ASOSYE NAN TRIBINAL DAPÈL ETA NEW YORK LA

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te nonmen Rowan D. Wilson pou sèvi kòm yon Jij Asosye nan Tribinal Dapèl Eta New York la (New York State Court of Appeals), ki se tribinal siprèm eta a. Mesye Wilson se yon patnè avoka an litij ak asosye nan Biwo New York Cravath, Swaine & Moore la, kote li te travay pandan 30 ane, epi li te dirije travay benevòl kabinè a yo. Li te voye nominasyon an bay Sena Eta a nan fen jou dimanch 15 Janvye a.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Tribinal Dapèl Eta New York la enkane sèvis gouvènman ki gen pi gwo valè a yo, epi mwen konfyan Rowan Wilson pral kontinye atikile ak kenbe prensip lwa ak ekite yo ki reprezante sa ki meyè nan New York. Avèk anpil deseni eksperyans nan litij komèsyal konplèks ak wòl lidèchip li jwe nan travay benevòl kabinè li a yo, mwen konfyan li gen entèlèk, entegrite, ak konpasyon nou bezwen pou n kontinye fè New York vanse pou pi devan. Mwen fyè pou m nonmen li pou l sèvi kòm Jij Asosye, epi mwen atann pou Sena Eta a konfime l byen rapid.”

**Rowan D. Wilson te di:** “Mwen santi m ranpli ak imilite ak onè paske Gouvènè Cuomo nonmen m kòm Jij Asosye nan Tribinal Siprèm eta a. Tout karyè m te devwe a pouwit lajistis, epi pa gen okenn kote ki bi bon pou kontinye fè efò sa yo pase nan Tribinal Dapèl Eta New York la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou opòtinite sa a epi mwen atann pou nou travay ansanm pou nou kreye yon New York ki pi solid, pi ekita pou tout moun.”

Yo te nonmen Mesye Wilson pou l ranpli vid ki te kreye ane pase a akòz retrèt Onorab Eugene Pigott la. Li se setyèm moun Gouvènè Cuomo te nonmen pou sèvi nan Tribinal Dapèl Eta New York la. Avan sa a, Gouvènè a te nonmen Jij Anchèf Janet DiFiore, ak Jij Asosye Jenny Rivera, Sheila Abdus-Salaam, Leslie Stein, Eugene Fahey ak Michael Garcia nan pòs Tribinal la.

Gouvènè Cuomo te remèsye Jij Pigott pou travay li te fè nan Tribinal Dapèl la ansanm avèk devouman l a sèvis piblik nan Eta New York la.

Gouvènè a te remèsye Komisyon sou Nominasyon Jidisyè a tou paske yo te rekòmande yon gwoup kandida potansyèl ki gen talan eksepsyonèl epi ki otman kalifye.

Pandan y ap konsidere nominasyon potansyèl li nan Tribinal Dapèl yo, Mesye Wilson te resevwa pi wo klasman nan Asosyasyon Bawo Eta New York la (New York State Bar Association), Asosyasyon Avoka Pwosè Eta New York la (New York State Trial Lawyers Association), Akademi Avoka Pwosè Eta New York la, (New State Academy of Trial Lawyers), Asosyasyon Bawo Fanm nan Eta New York la (Women's Bar Association of the State of New York), Kokis Avoka Pwosè Fanm lan (Women's Trial Lawyers Caucus), Asosyasyon Bawo Konte Albany an (Albany County Bar Association), Asosyasyon Bawo Konte Broome nan (Broome County Bar Association), Asosyasyon Bawo Vil New York la (New York City Bar Association), ak Asosyasyon Bawo Twa Konte yo (Tri-Country Bar Association) Konte Erie, Monroe ak Onondaga.

### **Enfòmasyon sou Rowan D. Wilson**

Mesye Wilson gen yon anplè litij komèsyal, ki gen ladan l antitwòs, pwopriyete entèlektyèl, kontra, ak fwòd nan fon, lwazi ak medya. Pandan tout dire karyè li, li te reprezante kòporasyon sèvis finansyèl miltinasyon, konpayi Fortune 500, ak lòt gwo òganizasyon nan kòz ki gen wo pwofil atravè Etazini ak nan plizyè lòt kote ki gen ladan l Tribinal Siprèm Etazini an ak tribinal dapèl ak tribinal premyè enstans toupatou nan peyi a yo.

Wilson te dirije travay benevòl Cravath ap fè yo kote li te defann agrandisman dwa sivil yo, epi li te fè pati pwosè litij wo nivo yo. Li te angaje l aktivman nan pouswit jidisyèl nan Konte Jefferson, Alabama nan non klas anplwaye ki akize nonkonfòmite ak lòd jijman yo ki te konsepsyone pou asire pratik anbòch ekitab ak avansman opòtinite pou fanm ak minorite yo.

Anplis de sa a, Mesye Wilson te sèvi kòm Prezidan Sèvis Defansè Katye Harlem lan yo (Neighborhood Defender Services of Harlem) depi 1996 ki founi sèvis jidisyèl bay rezidan zòn Nò Manhattan yo. Li te sèvi tou nan konsèy Gran Orizon pou Tlmoun yo (Wide Horizon for Children), ki se yon òganizasyon ki devwe a byenèt ak sekirite timoun vilnerab ak òfelen toupatou nan mond lan yo.

Mesye Wilson te resevwa diplòm Lisans Etid Gouvènman nan Inivèsite Harvard (A.B in Government from Harvard University) an 1981, ak yon Doktora an Dwa (J.D) nan Fakilte Dwa Harvard la (Harvard Law School) an 1984, toulede ak *distenksyon (cum laude)*. Aprè fakilte dwa, Mesye Wilson te pase dezan kòm oksilyèl jiridik pou Onorab James R. Browning, ki se Jij Anchèf Nevyèm Sikwi Tribinal Dapèl Etazini an yo.

Si Sena Eta New York la konfime l, li pral premye moun Long Island ki sèvi nan Tribinal la depi plis pase de deseni, l ap rejwenn yon panèl ki gen ladan l jiris ki soti nan Albany, Buffalo, Bronx, Manhattan, ak Westchester. Anplis de reflète divèsite jewografik New York la, eksperyans jiridik Tribinal la kouvri yon evantay domèn jiridik byen laj soti nan jiris tribinal dapèl ak tribinal pwosè yo pase nan praktisyen komèsyal ale nan pwokirè ak avoka èd jiridik yo rive nan pwofesè dwa yo.

Tribinal la, pou lapremyè fwa nan istwa l, pral gen de jiris AfroAmeriken k ap sèvi an menm tan, k ap konplemanete yon panèl ki gen ladan l de jiris Ispanik, epi li konpoze de yon majorite jiris fanm; sa ki vrèman reflekte gran divèsite ki gen nan Eta nou an.

Jij Asosye nan Tribinal Dapèl yo sèvi pou yon manda 14 ane apre Sena Eta New York la konfime yo.

Mesye Wilson gen 56 an. Li abite nan Port Washington, Konte Nassau, avèk madanm li ak twa pitit fi li yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418